

[LETTERHEAD]

[11/11/2020]

Chè Kominote VICTORY COLLEGIATE HIGH SCHOOL:

Kòm toujou, sante ak sekirite elèv ak estaf nou yo, ak tout moun nan fanmi DOE atravè tout vil la, se premye priyorite nou.

Kòm ou konnen, yo te fèmen bilding lekòl nou an pou premye 24 èdtan yo poutèt 2 oswa plis manm kominote lekòl nou an teste pozitif pou COVID-19. Jodi a nou ap ekri pou fè mizajou ke NYC Test + Trace Corps ak Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk (NYC Department of Health and Mental Hygiene) detèmine nan moman sa a bilding lan dwe rete fèmen pandan y ap mennen plis envestigasyon.

Men sa ki pral rive aprè?

- Bilding lekòl la. ap rete fèmen jiska [11/25/2020], epi tout ansèyman ak aprantisaj pral kontinye adistans.
- Yo p ap kite okenn moun ki gen yon tès COVID-19 pozitif retounen nan lekòl la, jiskaske li pa ka bay enfeksyon an ankò.
- Yo te avize kontak pwòch moun ki te teste pozitif la epi yo pral kontinye peryòd karantèn 14 jou yo. Si yo idantifye lòt kontak pwòch, y ap fè yo konnen tou pou rete an karantèn pou 14 jou.

Se obligasyon nou tout pou ede kenbe kominote lekòl nou a an sante ak an sekirite. Pandan n ap reponn sityasyon sa a rapidman, tanpri sonje pou suiv bagay enpòtan sa yo “(Core Four)” pou evite transmisyon COVID-19:

- Rete lakay ou si w malad: Kontwole sante w ak sante pitit ou epi rete lakay ou si w malad oswa kenbe l lakay si li malad, sòfsi li bezwen swen medikal esansyèl (tankou tès pou COVID-19) ak lòt bezwen esansyèl.
- Distans fizik: Rete omwen 6 pye distans ak moun ki pa abite lakay ou.
- Mete yon bagay pou kouvri figi w: Pwoteje moun ki nan antouray ou. Lè w gen yon bagay kouvri figi w sa ede redui pwopagasyon COVID-19 la espesyalman si w malad epi w pa gen sentòm. Pou plis enfòmasyon sou mas pou kouvri figi, ale sou nyc.gov/health/coronavirus epi chèche "Bagay ou dwe konnen sou Mas pou kouvri figi (FAQ About Face Coverings)."
- Pratike ijyèn men ki pwoteje sante: Lave men w souvan avèk dlo ak savon oswa itilize yon dezenfektan men ki gen alkòl si pa gen dlo ak savon disponib; netwaye kote moun manyen souvan regilyèman; evite manyen figi w si men w pa lave; epi kouvri bouch ou ak nen w si w ap touse oswa etènye avèk bra w, pa menm w.

Nou ap kontinye suiv enstriksyon ekspè sante piblik yo avèk anpil atansyon epi n ap fè w konnen alavans tout mezi nou ap pran.

Tanpri pa ezite kontakte nou si w gen nenpòt kesyon. Pou plis enfòmasyon sou COVID-19, ale sou schools.nyc.gov/coronavirus oswa telefone 311. Finalman, pou asire nou ka kontakte w rapidman atravè mesaj tèks ak imèl, tanpri kreye Kont Lekòl Vil Nouyòk (NYCSA) pi vit posib lè w ale sou schools.nyc.gov/nycsa.

Mèsi pou koperasyon w. Sante ak sekirite ap toujou vini an premye nan lekòl leta Vil Nouyòk, kèlkeswa kondisyon an.

Avèk senserite,

Mr. Marra
Principal